



Pou Piblikasyon Imedya: 03/09/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL BAY LÒD POU YO FLOTE DRAPO YO A DEMI-MA POU ONORE ANBILANSYE AYERYEN KEVIN M. ROBERT KI TE SÈVI PANDAN ANPIL TAN

Yo pral flote drapo yo a demi-ma atravè Eta Nouyòk nan jedi 4 septanm

Jodi a, Gouvènè Hochul bay lòd pou drapo sou tout bilding gouvènman Eta a flote a demi-ma pou onore Kevin M. Robert, yon anbilansye ayeryen ki te sèvi pandan anpil tan, ki te pèdi lavi l semèn pase pandan li t ap fè devwa li. Yo pral flote drapo yo a demi-ma jedi 4 septanm apati lè solèy la leve rive lè solèy la kouche.

"Kevin Robert te reponn apèl pou sèvi kominote li e te bay plizyè Nouyòkè èd nan moman difisil pandan tout karyè li kòm yon anbilansye," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Jodi a nou voye sensè kondoleyans nou bay pwòch li, kòlèg li yo, ak tout kominote Mechanicville pandan y ap onore lavi li ak eritaj li."

Kevin te yon Anbilansye Ayeryen Sètifye e li te travay pandan 15 ane pou Air Method-Life Net of New York. Li te youn nan fondatè ekip sekou John Ahearn nan Mechanicville e te travay kòm yon anbilansye pou plizyè sèvis anbilan, enkli Clifton Park & Halfmoon Emergency Corps ak Malta-Stillwater EMS. Li te tou yon enstriktè anbilansye nan HVCC.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)